**दिन–रविवार** **दिनांक–14.07.2024**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

नेपालक तराई क्षेत्र मे लगातार भऽ रहल बरखाक कारणे प्रदेशक कतेको नदी उफान पर अछि। लगातार भऽ रहल बरखाक कारणे घाघरा, गंडक, बागमती, कोसी, कमला बलान, महानंदा आ अधवारा समूहक नदीक जलस्तर बढ़बाक कारणे कतेको जिला मे बाढ़िक स्थिति बनल अछि। बागमती आ ओकर सहायक नदी के जलस्तर बढ़ला सँ सीतामढ़ीक विभिन्न क्षेत्र मे बाढ़िक स्थिति उत्पन्न भेल अछि। दरभंगा मे कमला बलान नदीक जलस्तर बढ़ला सँ कतेको निचला क्षेत्र मे पानि लागि गेल अछि। मधुबनी जिला मे कोसी नदी आ भूतही बनालक जलस्तर मे वृद्धि भेला सँ जिलाक मधेपुर आ मधवापुर प्रखंड मे लोकसभ अपन–अपन घरवार छोड़ि कऽ पलायन कऽ रहल छथि। कोसी नदीक जलस्तर बढ़बाक कारणे सुपौल, सहरसा आ मधेपुरा जिलाक कतेको प्रखंड बढ़िक चपेट मे अछि। पश्चिम चंपारण जिला मे बगहा, योगापट्टी आ लऽगपासक क्षेत्र मे बाढ़िक पानि पसरल अछि। पूर्वी चंपारण आ गोपालगंज मे सेहो कतेको निचला क्षेत्र मे बाढ़िक पानि अयला सँ लोकसभ के दिक्कत भऽ रहल छनि।

---

केन्द्रीय जल आयोग सँ प्राप्त जनतबक अनुसार कोसीक जलस्तर खगड़ियाक बलतारा मे खतराक निशन सँ एक मीटर ऊपर भऽ गेल अछि। ओतहि, सुपौल आ कटिहार मे एहि नदीक जलस्तर तेजी सँ बढ़ि रहल अछि। गंडक नदीक जलस्तर सेहो गोपालगंज जिलाक डुमरिया मे खतराक निशान सँ ऊपर दर्ज कयल गेल अछि। ओतहि, बागमतीक जलस्तर मुजफ्फपुरक बेनीबाद आ सीतामढ़ीक रून्नीसैदपुर मे खतराक निशान सँ ऊपर दर्ज कयल गेल अछि।

---

जल संसाधन विभाग बाढ़िक समय मे विभिन्न तटबंधक सुरक्षाक लेल पंचायत सभ सँ सहायोग लेबाक निर्णय कयलक अछि। एकर अंतर्रगत तटबंधक कटाव, दरार आ रिसाव पर स्थानीय लोक नजरि रखताह आ एकर सूचना जल संसाधन विभाग के देताह। जल संसाधन

विभाग तटबंधक जनतब लेबा लेल एक टॉल फ्री नंबर एक आठ आठ शुन्य शुन्य तीन चारि पांच छओ एक चारि पांच जारी कयलक अछि।

————————————————————————————

मौसम विभाग आइ आ काल्हि प्रदेशक उत्तर–पश्चिम, उत्तर–पूर्व आ दक्षिणी क्षेत्र मे भारी बरखा हेबाक चेतावनी जारी कयलक अछि। एहि क्रम मे अररिया आ किशनगंज मे भारी बरखाक संग ठनका खसबाक चेतावनी सेहो देल गेल अछि। पछिला चौबीस घंटा मे लखीसराय, नवादा, नालंदा, खगड़िया, मधेपुरा आ पूर्णियां मे भारी बरखा दर्ज कयल गेल।

————————————————————————————

बेगूसराय जिला मे पछिला चौबीस घंटा मे ठनाकक चपेट मे अयला सँ तीन गोटेक मृत्यु भऽ गेलनि। हमर संवाददाता जनौलनि अछि जे नावकोठी थाना क्षेत्र मे दू गोटे जखनकि, वीरपुर थाना क्षेत्र मे एक व्यक्तिक मृत्यु ठनकाक चपेट मे अयला सँ भऽ गेलनि।

————————————————————————————

केन्द्रीय मंत्री जीतनराम मांझी मगही के संविधानक आठम अनुसूची मे सम्मिलित करबाक समर्थन कयलनि अछि। श्री मांझी आइ पटना मे मगही अकादमी आ मगही लोक तुतबारी दिस सँ आयोजित डॉक्टर राम प्रसाद सिंह अंतर्राष्ट्रीय साहित्य सम्मान पुरस्कार समारोहक आयोजनक बाद संवाददाता लोकनि सँ गपशप करैत कहलनि जे मगही के विकसित आ संरक्षित करबाक लेल अपना स्तर सँ हर संभव कोशिश करताह। सम्मान समारोह मे नेपालक मधेश प्रांतक वित्तमंत्री भरत प्रसाद साहू मगही भाषाक क्षेत्र मे विशेष योगदान लेल साहित्यकार ओमप्रकाश जमुआर, ललन प्रसाद सिंह आ भुवनेश्वर महतो के सम्मानित कयलनि।

————————————————————————————

स्वास्थ्य मंत्री मंगल पांडे कहलनि अछि जे डायरिया पर रोक लगेबाक लेल तेईस जुलाई सँ अगिला दू मास धरि रोकथाम अभियान चलाओल जायत। ओ कहलनि जे एकर उद्देश्य शीशु मृत्यु दर मे कमी लायब अछि। श्री पांडे कहलनि जे ई अभियान स्वास्थ्य विभाग, समाज कल्याण, शिक्षा आ ग्रामीण विकास विभाग मिलि कऽ करत।

————————————————————————————

किशनगंज जिला मे आइ सवेरे एक भीषण सड़क दुर्घटना मे पांच गोटेक मृत्यु भऽ गेलनि आ नओ गोटे गंभीर रूप सँ घायल भऽ गेलाह। घायल मे छओ बच्चा सम्मिलित छथि। पुलिस सूत्रक अनुसार ई दुर्घटना किशनगंज जिलाक पौआखाली लऽग भेल जखन एक चारि पहिया वाहन तेज गति सँ आबि रहल एक डम्पर सँ टकरा गेल। ओम्हर, बांका जिला स्टेट हाईवे चौरासी पर धोरैया थाना क्षेत्रक अहिरो गाम लऽग एक अज्ञात वाहन सँ ठोकर लगलाक कारणे एक दिव्यांग व्यक्तिक मृत्यु भऽ गेलनि। जखनकि, एक आन गोटे घायल भऽ गेलाह।

---

दरभंगा मे कामेश्वर सिंह संस्कृत विश्वविद्यालय मे याज्ञवल्क्य समृति पर एक राष्ट्रीय संगोष्ठीक आयोजन कयल गेल। संगोष्ठीक अध्यक्षता विश्वविद्यालयक कुलपत्ति प्रोफेसर लक्ष्मीनिवास पांडे कयलनि।

---

भागलपुरक सैंडिश कम्पाउंड मैदान मे बिहार राज्य खेल प्राधिकरण तथा जिला प्रशासनक संयुक्त तत्वावधान मे जिलास्तरीय सुब्रतो मुखर्जी फुटबॉल टुर्नामेन्टक आयोजन कयल गेल।

---

एहि संग आकाशवाणी, दरभंगा आ विविध भारती पटना सँ प्रसारित संवादक ई अंक समाप्त भेल।